

# PREVANSYON CORONAVIRUS (COVID-19)



**Lave men w souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn pou pi piti.**



**Kouvri bouch ou avèk mouchwa ou ka jete lè w ap touse oswa estènen. Si w pa gen yon mouchwa ou ka jete, touse ak estènen nan manch rad ou.**



**Netwaye ak dezenfekte bagay ak kote moun touche detanzantan.**



**Evite touche je w, nen w ak bouch ou.**



**Rete lakay ou lè w malad, sof si w dwe ale pran swen medikal.**



**Evite kontak ki twò kole ak moun ki malad.**

**Pou plis enfòmasyon, vizite [miamidade.gov/coronavirus](https://www.miamidade.gov/coronavirus)**

Nenpòt moun nan Konte Miami-Dade ki kwè ke li te ekspoze a COVID-19 la, li ta dwe rele Depatman Lasante Florid nan 305-324-2400. Sa ta dwe fèt anvan moun lan ale nan kèlkeswa biwo medikal oswa etablisman medikal.